



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE VIDEYO AVÈK PAUL RUDD POU ANKOURAJE  
MILENÈ YO POTE YON MASK**

***Videyo a lanse yon apèl bay jèn ameriken yo pou yo pote yon mask pou ede  
frennen pwopagasyon COVID-19 la***

***Yo te gade kanpay piblisite "Metete Mask Amerik" a plis pase 22 milyon fwa nan  
tout nasyon an jiska prezan***

***Konsilte tout piblisite kanpay "Metete Mask Amerik" yo isit la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a dènye videyo kanpay "Metete Mask, Amerik (Mask Up America)" a ki mete an vedèt Paul Rudd. [Videyo a](#) vize jèn ameriken yo pou enfòmasyon yo sou enpòtan pote mask pandan pandemi COVID-19 la pou pwoteje tèt yo ak lòt moun yo.

"Nasyon sa a toujou ap goumen kont pandemi COVID-19 la epi jèn moun yo pa iminize kont li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou tout bezwen jwe wòl nou an ak pote yon mask. Mèsi Paul Rudd dèske li ede nou pwopaje mesaj enpòtan sa a epi pou nou atenn moun tankou li yo."

Yo te pwodwi videyo sa a an patenarya avèk Paul Rudd ak Sean Evans epi an kowòdinasyon avèk Jane Rosenthal, pwodiktyè ak Direktè Egzekitif Tribeca Enterprises (Tribeca Enterprises). First We Feast ak Media Complex (Konplèks Medya) te ede nan distribisyon videyo a nan pèmèt nou itilize Adrès IP yo a.

Ansanm Nouyòkè yo te aplati koub la, kòm nou ap avanse nan sezon otòn lan li enpòtan pou tout ameriken - espesyalman jèn moun yo - pa bese gad yo a epi pou yo kontinye pote yon mask, kenbe distans sosyal, lave men yo ak fè tès. Kanpay "Metete Mask Amerik" la te kòmanse avèk objektif pou atenn plis ameriken posib epi jodi a avèk videyo sa a nou ap sible dirèkteman yon piblik ki enpòtan. Jiska prezan, yo te gade piblisite ki soti nan kanpay "Metete Mask, Amerika" a plis pase 22 milyon fwa nan tout nasyon an. Konsilte tout piblisite kanpay "Metete Mask Amerik" yo [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)